

Kòman m ap fè resevwa resevwa Virginia SUN Bucks?

Benefisyè SNAP yo

Si fwaye ou ap patisipe nan SNAP, avantaj Virginia SUN Bucks yo pral chaje sou kat SNAP EBT ou genyen ki egziste a.

OUBYEN



Benefisyè Non-SNAP yo

Si fwaye ou p ap patisipe nan SNAP, avantaj Virginia SUN Bucks yo pral chaje sou yon nouvo kat SUN Bucks ki pral voye pa lapòs nan adrès ki nan dosye avèk lekòl ou an.



Kisa mwen kapab achte avèk avantaj Virginia SUN Bucks yo?

Ou kapab itilize avantaj ou yo pou achte manje tankou fwi, legim, vyann, grenn antye ak pwodwi letye nan magazen pwodwi alimantè yo, nan mache agrikiltè yo ak lòt espas ki aksepte avantaj SNAP EBT yo.

Kisa mwen ta dwe fè lè mwen jwenn kat SUN Bucks mwen an pa kourye lapòs la?

Kat Virginia SUN Bucks ou an pral vini jwenn ou pa kourye lapòs avèk divès enstriksyon ki montre ou etap pa etap kòman pou aktive kat ou an. Ou kapab debarase ou de tout kat SUN Bucks pou ane avan yo.

Kilè VDSS pral emèt avantaj Virginia SUN Bucks yo?

Yo pral bay avantaj yo nan kòmansman mwa Jen 2026 nan fason kontini pou timoun ki kalifye otomatikman yo ak pou fanmi ki elijib yo pa aplikasyon. Fanmi yo kapab petèt jwenn avantaj Virginia SUN Bucks nan diferan moman tou depan de lè yo aplike.

